



Biwo Pwokirè Jeneral New York la,

Letitia James



Resansman 2020

Ou Konte!

Ki sa ki resansman an?

Konstitisyon Etazini an egzije pou gouvènman federal la fè yon konte pou chak moun k ap viv nan peyi a omwen yon fwa chak 10 zan. Kontaj sa a, oswa resansman an, dwe enkli tout rezidan yo, kèlkeswa laj yo oswa estati imigrasyon yo. Gouvènman an pral kòmanse pwochen resansman an nan mitan mwa Mas 2020.

Poukisa mwen ta dwe reponn a resansman an?

Li trè enpòtan pou chak moun pou reponn a resansman an ak enfòmasyon konplè ak egzat. Done resansman ki ekzat gen enpak siyifikatif sou lavi chak jou. Pa ekzanp:

- Yo itilize done Resansman an pou detèmine kantite reprezantasyon chak eta resevwa nan Kongrè a, epi chak kominote resevwa nan gouvènman eta ak lokal. Si ou oa reponn sa ka anpeche ou a jwenn yon reprezantasyon ki jis.
- Yo itilize done resansman an pou detèmine kantite lajan kominote federal yo resevwa pou swen sante, lojman, edikasyon, ak transpò. Si ou pa reponn sa ka anpeche kominote ou an pou jwenn kèk lajan ki nesèsè anpil pou lekòl, lopital, ak otowout.
- Moun ak biznis yo itilize regilyèman done resansman yo pou pran desizyon ki gen gwo enpak sou ekonomi lokal yo. Si ou pa reponn sa ka anpeche kominote ou an pou jwenn kèk opòtinite ekonomik.

Anplis, lalwa egzije pou chak moun bay repons konplè ak egzat sou resansman an.

Ki kesyon resansman an gen ladan?

Kesyonè resansman an mande sèlman pou enfòmasyon de baz pou chak moun nan kay la. Sa yo gen ladan kesyon sou non chak moun, sèks, dat nesans li, ras, relasyon ak rès la nan kay la, ak si wi ou non moun nan se ki gen orijin Panyòl. Kesyonè resansman an mande tou pou omwen yon nimewo telefòn pou chak kay.

Èske resansman an gen ladan kesyon sou sitwayènte oswa estati imigrasyon?

Non, kesyonè resansman an pa gen okenn kesyon sou sitwayènte oswa estati imigrasyon nan nenpòt ki moun nan kay la.

Kouman pou mwen konnen si y 'ap anake m?

Gen kèk kesyon Biwo Resansman Ameriken an pap janm poze. Si yo mande w bay nenpòt nan enfòmasyon sa yo, li posib pou se yon tronpri:

- Nimewo Sekirite Sosyal ou
- Lajan oswa Donasyon
- Nimewo kont Bank ou oswa kat kredi
- Non Jenn Fi Manman Ou
- Modpas
- Sipò ou pou yon Pati politik oswa Kandida

Anplis, Biwo Resansman Ameriken an p ap janm menase pou arete oumenm oswa fanmi ou oswa koupe tout benefis ou resevwa yo.

Kouman pou mwen reponn a resansman an?

Nan mitan mwa Mas la, Biwo Resansman Ameriken an ap voye yon kat postal bay nan chak kay, apatman, oswa lòt demeran nan Etazini. Dokiman sa a pral bay enstriksyon pou reponn a resansman an sou entènèt, oswa pou mande yon sondaj sou papye. Altènativman, nenpòt moun ka reponn a resansman an pa telefòn. Pou plis enfòmasyon sou reponn, tanpri vizite sit entènèt biwo resansman an nan **2020census.gov**.

Èske repons mwen an ap konfidansyèl?

Wi, tout repons pou resansman an pwoteje dapre lwa federal. Nenpòt anplwaye Biwo Resansman an ki divilge enfòmasyon sou nenpòt moun ki kolekte pandan resansman an sijè a senk ane nan prizon ak yon amann de \$ 250,000. Sa gen ladan biwo ofisyèl resansman ak enimeratè.

Lwa federal entèdi tou divilgasyon devan tribinal oswa lòt ajans federal ak eta. An efè, pa gen ajans ki fè respekte lalwa, ki gen ladan DHS, ICE, FBI, CIA, oswa lapolis eta a oswa lokal yo, ki ka jwenn aksè nan enfòmasyon pèsònèl ou pataje ak biwo resansman an. Biwo resansman an pran konfidansyalite seryezman, e li aplike pwogram sekirite enpòtan ki fèt pou pwoteje done chak moun.

Kisa k ap pase si mwen PA reponn a resansman an?

Kòmanse nan mwa me 2020, Biwo Resansman an ap voye anrejistrè an pèsòn nan chak kay ki pa reponn a resansman an. Enimeratè sa yo se anplwaye Biwo Resansman, ki pral cache kolekte sèlman enfòmasyon yo mande nan kesyonè a. Pou verifye ke yon vizit resansman lejitim, gade nan panèl la dèyè nan piblikasyon sa a.

Pou verifye ke yon vizitè se yon anplwaye Biwo Resansman an:

Kontakte Sant Pwosesis Nasyonal Resansman an nan (800) 923-8282 oswa nan biwo resansman rejyonal New York nan (800) 262-4236.

Fè atansyon ak enpostè - Biwo resansman an pral prezante yon badj ID ki gen ladan yo: non yo, foto, yon Ministè Depatman Komès, ak yon dat ekspirasyon; ap pote yon sak ofisyèl avèk logo Biwo Resansman an oswa yon konpitè pòtatif pou fè sondaj la, epi ba ou yon lèt sou antèt ofisyèl ki deklare poukisa yo ap vizite.

Kourye Resansman:

Fè atansyon a kourye ki sanble - pi fò resansman ak sondaj ki gen rapò ak materyèl yo poste de, epi retounen nan, Biwo Resansman an. Sant Nasyonal Tretman ki nan 1201 East 10th St. Jeffersonville, IN.

Pou verifye lejitimite li, kontakte Sant Tretman Nasyonal Resansman ki endike anwo a. Nimewo PA rele sa a bay sou fòm ou resevwa a.

Sondaj Resansman/Apèl Telefònik

Ansanm ak kontaj popilasyon an yon fwa nan yon deseni, Biwo Resansman an ap fè plis pase 130 sondaj chak ane. Anplwaye ofisyèl resansman ki ap fè yon sondaj pral idantifye tèt yo ak non sondaj la. Si yo pa kapab jwenn ou, y ap kite yon mesaj ak yon ID ka asosye ak sondaj ou.

Atansyon ak anakaj. Pa rele yon nimewo telefòn ke yon moun ki rele w ba ou, pa fè konfyans a moun kap rele w pou pa ou ID - anakè sèvi ak idantite moun kap rele falsifikasyon fè li parèt ke apèl la soti de gouvènman an oswa nimewo biwo resansman.

Pou plis enfòmasyon,
kontakte US Census Bureau
la nan 2020census.gov